

## le Grand createur :

Nan ezayi 43 vs 10 Bondye di « pa gen dye ki fòmè avan mwen , e pa gen dye ki fòmè aprè mwen » Efektivman Bondye gen fòm , Moyiz te wè do Bondye , si bondye di nan ezayi li se sèl dye ki te fòmè , men li pa di kreye , se paske Bondye te egziste déjà , Bondye te egziste an espri avan ke li te pran yon fòm , paske Bondye te la okòmansman e pawòl li , e pawòl li se outi Bondye te itilize pou li te pran fòm li te vle an , paske anyen pat pat vin a legzistans sètadi “ fòmè ou kreye ” andeyò pawòl li an (jan 1 vs 1 a 3). Menm jan tout òm gen yon kò terès Bondye , jezi , zanj yo tou , gen yon kò selès (filipyen 2 :5 à 6) ki resanble ak pa nou an (genèz 1 : 26). Pa egzanp nan lik 1 : 28 Mari

te wè zanj Gabriel , lik 1 : 11 zakari li menm  
tou te wè zanj Gabriel ou nan ezod33 :20 a  
23 , ekzòd 3 : 6 , ekzòd 33 : 11, ekzòd 19 :  
18 nou wè ke Bondye tap pale ak Moiz,  
efektivman Bondye gen yon vizaj , yon men  
e moiz te menm wè do li , nan genèz 1 vs  
26 , Bondye di an nou kreye lòm an imag  
nou , selon resanblans nou , nan revelasyon  
1 :13 a 17 nou gen deskripsyon kò selès jezi  
a , nan ezayi 6 vs 1 a 8 , Ezayi te wè Bondye  
nan yon vizyon , dapre sa apòt jan te wè nan  
vizyon lan, revelasyon 4 vs11 ban nou yon  
brèf deskripsyon de aspè fizik Bondye e nan  
revelasyon 4 : 2 a 3 e revelasyon 4 : 11  
confime ke pèsonaj ke apòt jan tap dekri a  
se te byen Bondye.

## LE Père , le fils , le saint esprit :

Lespri sen , lesentespri , se gras a li ke nou fè sa ki byen, se li ki fè nou gen konpasyon , mizèrikòd , renmen sa ki byen , eksepera. 1 coretyen 6 :18 di nou kò nou se tanp lespri sen , sa ki vle di chak òm gen lespri sen nan yo , lefèt ke lòm pa pafè yo gen movè espri nan yo (Mak 5 : 1 a 20 ou Matye 12 : 43 a 44). Yo batize nou nan non papa a , paske se volonte bondye ki fè batèm sa fèt , nan non pitit lan , paske se gras a jezi ki te mouri pou nou , ki pemèt batèm sa, (Lik 3 : 16), avèk yon espri sen , klè , veridik. objektif batèm sa, se pou nou rann glwa a Bondye , Rann temwanyaj pou

jezi nan laverite sètadi Anonse bòn nouvèl la avèk yon espri sen , klè e veridik (Jan 4 :22) ( jan 14 : 26 a 27)(jan 14 :16 a 17). lè yon moun di Bondye , jezi e lespri sen , yo ego , se manti paske zanj Gabriel pa fè , e sen espri, poutan li menm e jezi pa ego . e yo pa menm moun nan , Jan batizè a , te ranpli ak lespri sen , depi nan matris manman li ( lik 1 : 15) se pa pou otan , li se jezi ou Bondye , tou kòm anpil legliz preche papa a, pitit lan , espri sen se yon sèl , e se menm bagay la .

le Père et le fils:

eksplikasyon matematik

\* Si<sup>o</sup> mou pran Bondye  
pou R, ansanb monb  
neyèl yo.

\* E mou pran Jez<sup>o</sup> pou I,  
yon monb neyèl.

Done

Mwen man papa  $a = 1 \in R$

papa a man mwen =  $R \in 1$

papa a pi<sup>o</sup> gran ke mwen =  $R > 1$

Problem


si<sup>o</sup>  $1 \in R$  e  $R > 1$  = Mwen man papa a, man papa pi<sup>o</sup>  
gran ke mwen  $1 \in R$

si<sup>o</sup>  $R \in 1$  e  $R > 1$  = papa a man mwen, man papa  
pi<sup>o</sup> gran ke mwen  $R \notin 1$

Solisyon

$1 \in R$  e  $R \notin 1$  = Jez<sup>o</sup> an inyon avèk papa  
li, men Bondye pi<sup>o</sup> gran  
ke Jez<sup>o</sup> donk yo pa men.

Schema



Jezi ak Bondye an inyon paske Jezi toujou fè volonte papa li, ( Jean 14 :30 a 31) men si jezi vin wa dè wa, segnè dè segnè( revelasyon 17 :14), Bondye toujou rete pi gran pase li , paske se Bondye ki fè li vin wa dè wa , eksetera( filipyen 2 : 9 a10 ) Si nan jan 14 : 9 Jezi di «si ou wè m ou wè papa a,» se paske jezi te vin reprezante Bondye ( colosyen 1 : 15 , jan 14 :10-11 , Matye 11 :27) e nan ebre 2 : 9 a 11 matye 25 :31 a 40 , rapòte nou ke jezi di ke nou se frè li , paske jezi se pitit Bondye menm jan nou se pitit bondye tou ( ebre 2 :11)

jezi se fis inik paske li se Premye kreyasyon Bondye (colosyen 1 :13 a 15), e sèl kreyasyon Bondye fè tout sèl ( jan1 : 3 a 4) e jezi te patisipe nan tout kreyasyon Bondye (colosyen 1 : 15 a 20) anyen pa fèt en deyò de jezi (Jean : 9 a 10). Jan 3 : 16 konfime nou ke Jezi se fis inik , e jòb 1 : 6 konfime nou ke jezi pa sèl pitit Bondye . [Pa ekzanp yon paran ki gen 3 pitit , jan se pitit biolojik , yo adopte Bèna e Jasmine , menm jan ak Jezi ,Jan se pitit inik yo , men yo pa gen yon sèl pitit](#)

Nan danyèl 12 : 1 a 4 , danyèl 10 : 13 , konfime nou, Avan jezi te vin sou latè li te egziste déjà nan syèl la, e non li nan syèl la , se Mikayèl( revelasyon 12 vs 7 a 10 , danyèl 10 : 21 , Jude 1 :9 , tesianolisyen 4 vs 16) Avan Mikael te vin sou la tè antanke jezi , li te gen habitid vini sou latè pa egzanp nan 1 pyè 3 : 18-19 nou li ke jezi te al preche nan epòk Noye a , ou ankò nan jean 8 : 56 Kote jezi menm te di ke li te rankontre avèk Abraam , etan ke melkisedèk ( Genèz 14 vs 17-20).

« Melkisedèk » se yon tit tankou , konde , duc , prezidan , yon melkisedèk se wa de salèm , prèt Bondye toupwisan an , wa de la pè , se te yon privilèj ke jezi te konn jwi pendan yon moman , yon misyon lè

Bondye te pèmet li , se tankou yon prens ki promi pou li wa e lè wa a pa la , lè wa vle , li lèse prens lan dirije , renye , men ofisyelman prens lan poko wa.

### LE christ:

Jezi fèt bètleym (matye 2 :1) grandi a nazarèt (matye 2 :23) batize pa jan batizè a,(matye 3 : 13 a 17) pitit Marie Jezi te pafè , li te fèt pa mwayen lespri sen (lik 1 : 31 a 36) li komanse sèvis predikasyon an , a 33 zan ( lik 3 :23) Li te vin sou tè a , kòm ranson pou peche nou yo, (1timote 2 : 5 a 6) li te vin sou tè a pou preche nou bòn nouvel lan ( matye 14 :17) (1 jean 5 : 12 a 13), apwofondi lwa ke bondye te bay moyiz lan (matye 5 :17) e pemèt moun ki ekzèse lafwa nan li , e moun ki jis yo gen lavi etènel (1 jan 5 : 12 a 13 , jan 3 : 16 , women 2 : 14 a 16) Jezi te vin sou tè a pou reprezante papa li (colosyen 1 : 15). Nan revelasyon 2 :8 , revelasyon 1 : 17 a 18 Jezi di klèman , li se premye e denye ki lese pou mò , men ki releve (colosyen 1 : 18 a 20). Tout moun ki ekzèse la fwa nan li ( jan 3 :16) e tout moun ke bondye ke jije jis yo ap sove (women 2 : 14 a 16) Jezi te soufri pou nou , non selman antanke chè , men tou an espri, jezi te abandone , delese nan lanfè ( matye :27 : 46 , jan 2 :19 ) men lanfè , ténèb ( genèz 3 :3 , 1 pyè 2 : 24, Matye 22 : 32) pat gen pouvwa sou li ( lik 23 : 43 , jan 1 : 5 , jan 2 :21 ), après 3 jou Jezi te releve (travay 10 : 38 : 40).

lè jezi te fin resisite , li rete yon ti tan avèk disip li yo , pou li te rann yo fèm nan lafwa (24 : 44 a 45), e nan lik 24 :16 , de nan disip yo , pat rekonèt Jezi , paske jezi pat vle yo rekonèt li , gras a trè fizik (lik 24 :30, jan 20 :12 a 14, lik 24 :35), men avèk sa ki ekri nan sen ekriti yo , sa li te konn fè yo (jan 21 : 4 a 7, jan 24 :32) e gras a fwa , e amou yo (jan 20: 9 a 13 , lik 24 : 25, jan 21 : 15 )



aprè sa Jezi te monte ale jwenn papa li (travay 1 :9, lik 24 : 51) Lè jezi te retounen nan syèl lan, pou lwayote li fidelite li , Bondye fè jezi wa dè wa , sènyè dè sènyè , prèt tankou melkisedèk (Filipyen 2 : 9 a 10),

nan revelasyon 12 : 7- 10 nou gen deskripsyon ko selès jezi an , e jan bondye te deklare nan ebre 1 vs 13 ke li tap mete ennemi jezi yo kòm yon eskago pou pye jezi , e nan revelasyon 12 : 7 a 10 nou wè jezi te chase Satan sou tè a , Jòb 1 :6 a 7 pemèt nou konfime se apre jezi te vin sou tè a , te moute nan syel lan li te chase satan , paske nan jòb nou wè satan e anj dechi yo , te toujou gen aksè nan syel lan , mari pot ko ansent Jezi a lepòk jòb , e nan revelasyon jezi tap antreteni li , avek apòt Jan Ki se youn nan disip jezi te genyen lè li te sou tè a.

Nou paka pale de pawòl Bondye, de Bondye , Jezi, san ke nou pa analize jan 1 : 1 a 23 . Pou eksplike tèks sa yo dabò nou pral demontre diferan fasèt pawòl Bondye a. Li ka pawòl Bondye san ke , se pa vwa Bondye , nan liv jan fòk nou fè atansyon ak polisemi mo yo , nan Jan 1 : 1-2 pawòl lan desinye « vwa e mesaj » e nan Jan 1 : 14 « pawòl la tounen moun » pawòl la dezinye sèlman « mesaj » pa egzanp pawòl yon pwofèt se pawòl Bondye men nan Matye 3 : 17 lè vwa a te soti nan syèl lan , e li di , sa se pitit mwen renmen anpil lan, se te pawòl bondye akonpanye ak vwa li , pawol Bondye ka sou fòm ekri , siy , enspirasyon , vizyon, vwa eksetera nan jan 1 :1 a 3 nou li « avan Bondye te kreye anyen , pawòl lan te la , pawòl lan te avèk Bondye, pawòl lan te yon dye , pawòl la te la avèk Bondye depi nan konmansman , Bondye te itilize pawòl li pou kreye tout sa ki ekziste , anyen pat fèt san pawòl la » nou konnen Bondye ka fè tout bagay avèk pawòl li , Paske Bondye pale volonte li fèt , Bondye pale e li te kreye syèl lan , tè a , e menm Jezi eksetera . E nan jean 1 : 14 nou li « pawòl te tounen moun e abite nan mitan nou , an palan de jezi » Bondye konsidere jezi tankou pawòl li ,



paske jezi te toujou fè volonte Bondye ( jan 5 :19, jan 4 :34, jan 5 :30, jan 8 :28, jan 12 : 49 , jan 6 :38 , 14 :10 ).

Kounya nou pral analize jan 1 : 18 pa gen okenn moun ki wè bondye poutan moyiz te wè do bondye , Dye inique ki nan sen papa an palan de pawòl la « jan 1 : 3 pawòl la te avèk Bondye » se li menm ki eksplikel , lè jezi te Vini sou tè , li tap prêche bòn nouvèl lan , ansenye pawòl bondye an ( jan 1: 17), nan jan 1 : 18 a yo pap pale de aspè fizik bondye men de aspè spirityèl Bondye (lik 18 :19) , de pawòl li( jan 1 vs 1 « la parole est un dieu »), de Bondye an espri ( jan 4: 24, jan 6 : 3). Nap konkli sou fraz sa , « Gen yon sèl mèt, jezi di nou , se sèl li , pou nou rele ensenyan (Matye 23 : jan 13 :13 ) paske se gras a jezi nou konnen volonte jewova, nou dwe fè volonte yon sèl Dye , paske menm jan Jezi te di an , Se sèlman Bondye ki bon (lik 18 : 19, Mak 10 : 18) donk gen yon sèl Bondye »

## **kesyon**

**1 : eske jezi te mouri sou yon poto ou yon kwa ?**

jan 25 : 20 présizé ke te gen plizyè klou , e yon sèl mak nan chak men , e nan matye 27: 37 di nou te gen yon ekrito place sou tèt li , se ki fè ke se pa sou yon poto « Tou dwat » kòm temwen Jewova yo reprezante lan, Jezi te mouri sou yon poto anfòm kwa . Si nou pran pa egzantp yon zanmi ki pran volantèman yon bal, pou pwoteje'w , eske se anvè bal lan wap rekonesan ou anvè zanmi sa , ou byen moun ki tire sou wou an . Si se anvè zanmi sa wap rekonesan donk pa gen okenn rezon pou gen yon chapelè nan kou'w oubyen yon kwa nan legliz ou. Nou dwe fete lanmò Jezi( lik 22 : 19 a 20, 1 corentyen 11 : 25) men pa soufrans li, Nou

pa dwe akòde valè ak enstriman ki te koze lamò Kris lan,(mak 11: 12 a 14) e nou dwe mefye nou de ansènyeman chèf relijye yo , (Matye 16 : 6 e 12, ) . bondye pa dekri klèman enstriman lamò jezi an, tou kòm bondye pa fokalize li nan ekriti yo , sou satan , ou ankò sou wa ou òm ki pat fè volonté li yo , men plito pale plis de Jezi , de wa e òm ki te trouve favè li yo .

**2 : poukisa bondye te deklare jezi sèlman prèt menm jan ke mèlkisedèk?**

nan som 110:4 ,ebre 7:17, ebre 6:20, ebre 5:6 Bondye te deklare Jezi sèlman prèt menm jan ak mèlkisedèk , men pa mèlkisedèk paske pami privilèj ki genyen lèw se yon mèlkisedèk , tankou wa de salèm ki vle di wa da lapè (ebre 7:12) jezi poko akonpli tach sa yo paske toujou gen , lagè mechanste , enjistis , maladi , lanmò.

**3 : pou kisa bondygetan konsidere jezi kòm melkisedèk e te poutan Bondye pot ko menm deklare Jezi prèt menm jan ak melkisedèk ?**

nan genèz 14 :18 bondye konsidere Jezi kòm melkisedèk pandan ke li pot ko menm deklare jezi prèt menm jan ak melkisedèk" , ebre 2:11 pèmèt nou byen konprann pou kisa , se menm jan sa tou , ou ka konsidere yon etidyan ki nan dezyèm ane ekonomi , kòm yon ekonomis.

**4 : Poukisa gen vèsè yo di ke te kloure jezi sou yon poto,( matye 15 : 24) genyen ki di yo te pann li (Galat 3 : 13) ?**

Paske pann se lè yon moun pandye nan yon bagay Ki koz li mouri , kloure sou yon poto oubyen pann sou yon poto , se menm bagay lan.

**5 : ki enpotans non bondye an genyen e kijan nou dwe evite pwofafenon bondye?**

nan ezayi 48:9 , ezayi: 52:5, ezayi 20:9, som 74:18, ekzòd 20:7 , ekzod 19:12 , ekzod 24:12 prouve nou , ke bondye akòde anpil valè ak non li , e nan ezekyel 36 : 21 bondye di ke tout bagay li ap fè se pou sen non li an , ke pèp izrayèl lan pwofane nan mitan nasyon yo , e nan ekzòd 6:3 bondye pat di abraam non'l , poutan nan ekzod 3: 6 , matye 22:32 li di ke li se bondye abraam , e lè moyiz te mande li non li nan ekzod 3:14 li di " mwen ap sa map ye" Bondye se yon pèsonalite piblik , se pou sa non li varye selon lang yo , pa ekzanp pyè ki se peter an anglè , yaweh ki se jewova an kreyol , menm si ou rele Bondye, Yah , Eloyi , Elshaday , Jewova se pa yon pwoblèm depi pou ou sa vle di Dye ki te kreye tout bagay lan, Dye inik lan , Dye toupwisan, dye abraam , isarak , jakòb , e pi enpòtan se fè volonte li , viv selon resanblans bondye se konsa nou ap evite pwofane non li.(jak 2 : 18 , jak 3 : 13)

### 6 :èske bondye te konnen adan ak èv ta manje fwi?

Bondye kreye lòm selon imaj e resanblans li, Bondye bay lòm kapasite pou yo fèsa yo vle « libre arbitre »(genèz 1 : 27) sepandan chak aksyon lòm gen yon konsekans deja byen detèmine (women 2 : 6, galat 6 : 7) bondye te konnen ki sa ki tap rive lòm , si lòm te manje fwi an e ki sa ki tap rive lòm, si lòm pat manje fwi , bondye pat chwazi konnen si lòm tap manje fwi an ou pa , si bondye te getan konnen ki desizyon lòm tap pran e nou konnen bondye pa janm tronpe li , sa ki vle di ke Bondye, Ke bondye pat bay lòm kapasite pou yo fè sa vle, donk se Pou sa bondye deside chèchè konnen entansyon kè lòm pa yon eprèv , kòm bondye te kreye Adan ak Èv pafè e li te bay yo tout sa yo tap bezwen (genèz 28 : 30) donk li te bay yo plis opòtinite pou yo fè volonte li , e mwens opòtinite pou yo te dezobeyi li, (genèz 2 : 16 a 17 ) se lefèt ke bondye pwosede avèk eprèv e li konnen ki sa kap rive nou parapò a sa nou chwazi , ki pèmèt nou konfime ke bondye konn tout bagay , e kreye lòm

avèk yon lib abit , efektifman menm jan ak jezi bondye kapab li nan panse nou (Jan 4 :17 a 18) men se pa tout aksyon nou fè ki premedite donk pou bondye konnen" entansyon kè nou " (scruter le coeur), ak andirans nou , "li eprouve nou " (jeremi 17 : 10 ).

**7 : kijan bondye se komansman e fin tout bagay , eske se Bondye ki mete mal sou la tè?**

Bondye te kreye tout bagay ki egziste , li se komansman tout bagay "la tè, zanj, jezi, lòm eksetera" (ezayi 45:7 ) e li se fen tout bagay ki gen yon fen "povrete , maladi, zanj dechu, enjistis , eksetera" (revelasyon 21:4). Jòb te mande " èske nou pa dwe aksepte sak ki bon ak sak movè nan men bondye? " malgre sa jòb pat peche avèk bouch li, (jòb 2 : 10) paske sa'w plante se li'w rekòlte (women 2 : 6 , galat 6 : 7). men se pa bondye ki kreye mal sou latè se lezòm ak zanj dechi yo ki pwovoke malè yo , efektifman Bondye a loriyin (job 1: 6 a 12) pa egzantp lè nou pran yon dife , sa pèmèt nou rechofe nou, kwit manje nou, donk dife a gen bon kote ladan li, men lè nou mete men nou ladan'l , sa fè nou mal efektifman dife a se yon malè li ye tou , si nou mal itilize'l , si Adan e Ev te fè volonte bondye , Lòm tap lib pou li chwazi sèlman ant sa ki bon , yo pa tap konnen sa ki mal e malè ki gen nan dife a pat tap gen efè sou lòm , pa egzantp lè Sadrak (danyèl 3 : 21 a 25) te nan fou ki te fè cho anpil lan , lefèt ke yo te fè volonte Bondye ,Bondye te voye zanj li pwoteje yo , anyen pat rive yo pandan ke chalè dife a te touye bouwo ki te jete yo nan dife a (Danyèl 3 : 22) ou anko Danyèl lè yo le lage li nan fos au lyon an (Danyèl 6 : 2 a 27), oubyen siw la ge yon moun nan mitan lanmè lap neye , poutan JEZI mache sou lanmè (matye 14 : 25)lefèt ke li toujou fè volonte bondye li pat bezwen naje pou li te rete sou lanmè an, malè ki gen nan lanmè yo pat gen efè sou li.

**8 : pou kisa jezi se premye bagay ki vin a legzistans, ki te kreye selon se te jan selon jan 1:3 a 4 poutan ezayi 43 : 10 di nou ke Bondye di pat gen dye ki te fome avan li e pa genyen dye ki fome apre li?**

nan jan 1:3 a li di lavi se premye bagay ki vin a legzistans, donk premye bagay bondye te kreye an palan de Jezi ( kolosyen 1:15) men bondye ak pawòl li mwayen li itilize pou kreye e fòm te ekziste deja (jan 1:1) men li te gen yon premye fwa ke li te deside pran yon fòm ke li kreye jezi , zanj yo , lòm selon imaj e resanblans li , Bondye te ekziste deja an espri (jan 4:24 , jan 6:3 ) se pou sa li se sèl dye ki fòm( ezayi 43:10), dye inik lan, (2 samyèl 7: 22, ezayi 44:6 ) gran kreyatè a, (ezayi 45: 18 ) kontrèman ak lòt dye yo tankou , lézòm, Jezi , zanj gabryèl e lòt zanj yo ( som 82:6) .

**9 : koman fè nan ekzòd 3:14 bondye di moyiz "mwen ap sa map ye a" e nan malachi 3:6 li se menm lan e li pa chanje?**

efektivman bondye pa chanje men li evolye (ekzod 3: 14) paske tout bagay posib pou, (matye 29 :26 )men chak bagay li fè gen yon komansman ,( revelasyon 22: 13) e Bondye pa chanje paske li toujou rete bondye ki jis lan , Dye misèrikod lan , Dye ki gen konpasyon an , Dye inik lan , gran kreyatè a ( malachi 3: 5).

**10 : ki sa , ki ka ede nou idantifye tradiksyon korèk mesaj bondye an?**

pou rekonèt bon tradiksyon an , fòk li ekri sou li " les saints ecritures" paske nan ( women 10:11, women: 11:2 , 2timote 3:6 , 1 korentyen 2: 9, jan 19 : 28 , jan 5 : 39 ) Jezi e apòt yo pat konn di nan bib lan ou nan papye yo men yo te toujou fè alizyon ak ekriti yo e menm lè yo te anploye woulo ou lwa yo te toujou fè referans ak ekriti yo . nan lòt liv yo ki make tou senpleman "bible " ou "la sainte bible"lèzòm tradwi sen ekriti yo selon sa yo konprann.